

Kisa Fowòm kandida yo ye?

- Fowòm kandida yo se yon okazyon pou kandida yo rankontre ak pale avèk paran ak selektè yo chwazi nan kominote a pou yo diskite rezon ki fè yo ta dwe chwazi yo kòm manm nan yon konsèy edikasyon.

Èske kandida yo oblije patisipe nan fowòm kandida yo?

- Non. Men, n ap ankouraje seryezman kandida yo pou yo patisipe. Fowòm yo ofri opòtinite pou kandida yo pale avèk kominite a dirèkteman epi pou yo di poukisa yo panse yo dwe chwazi yo kòm manm nan yon konsèy.

Anplis aplike kòm kandida, èske gen lòt fason pou paran patisipe nan pwosesis seleksyon pou Konsèy yo?

- Wi, gen divès fason pou paran patisipe. Ou ka ede rekrute lòt kandida pou aplike pou Konsèy yo; patisipe epi epi poze yo kesyon pandan Fowòm kandida yo nan fen mwa Avril la; ede kandida ou sipòte yo fè kanpay ; epi ankouraje selektè paran pa w yo vote pou kandida ou sipòte yo pandan vòt selektè yo.

Dat enpòtan

13 fevriye – 13 mas:

Aplike pou fè pati yon Konsèy Edikasyon

8 avril – 25 avril:

Fowòm kandida

1ye me – 14 me:

Vòt moun k ap fè seleksyon yo

Pou plis enfòmasyon ak èd:

Konsèy Edikasyon

Ou ka jwenn yo nan

www.schools.nyc.gov/Offices/CEC/default.htm

Enfòmasyon sou

Pwosesis seleksyon

ou ka jwenn yo nan

www.nycparentleaders.org

Si w gen nenpòt lòt kesyon, pa ezite kontakte

Division of Family and

Community Engagement at

CECSelectionprocess@schools.nyc.gov

or 212.374.4118



Department of
Education

Dennis M. Walcott, Chancellor

Division of Family and Community Engagement
Parents & Families

T&I-18842 (Haitian Creole)



Pwosesis Seleksyon Konsèy Edikasyon an

Gid 2013



Department of
Education

Dennis M. Walcott, Chancellor

nycparentleaders.org

Pwosesis Seleksyon Konsèy Edikasyon an 2013

An 2013, paran ap gen yon opòtinite eksepsyonèl pou pran yon wòl aktif nan règleman ak desizyon k ap afekte pitit yo onivo distri a. Konsèy Edikasyon Kominote a ak Vil la jwe yon wòl enpòtan nan kreyasyon règleman edikasyon pou lekòl leta Vil Nouyòk.

PWOSESIS APLIKASYON

Kòman m ka aplike pou vin manm nan yon Konsèy?

- Ou ka aplike sou entènèt apati 13 Fevriye 2013. Pwosesis aplikasyon an ap fini 13 mas a 11:59 pm. Ap gen aplikasyon sou papye tou k ap disponib pou download nan moman sa a.
- Pou moun ki pa gen yon konpitè pèsònèl, *Division of Family and Community Engagement* (FACE) ap bay enfòmasyon sou fason moun ka jwenn konpitè nan biwo FACE la, nan biwo distri bò lakay yo ak nan lekòl yo ak nan bibliyotèk piblik yo.
- Pou aplike pou vin manm nan yon Konsèy Edikasyon pou kominote *Community Education Council* (CEC), sonje itilize lis ki egziste deja a drop down bar pou di nan ki CEC ou ta renmen vin manm!
- Pou aplike pou vin manm nan yon Konsèy Vil la, sonje pou presize nan ki konsèy vil ou ta renmen vin manm!
- Sonje si w vle aplike pou vin manm nan yon CEC ak nan yon Konsèy Vil, ou dwe ranpli de(2)fòmilè aplikasyon separe.

Konbyen tan li pran pou ranpli fòmilè aplikasyon pou Konsèy la?

- Kantite tan pou ranpli fòmilè aplikasyon pou Konsèy la se apeprè 25 - 30 minit.

Èske mwen ka aplike pou vin manm nan plizyè Konsèy?

- Wi, paran ki enterese ka aplike pou vin manm nan plizyè Konsèy. Sepandan, paran yo ka manm nan yon sèl konsèy. Paran ki aplike pou vin manm nan plizyè Konsèy dwe klase chak Konsèy yo ta renmen vin manm yo nan lòd yo pito yo.

E si yo chwazi mwen pou m vin manm nan nan plizyè Konsèy?

- Paran ki aplike pou vin manm nan plizyè Konsèy dwe klase chak Konsèy yo ta renmen vin manm yo nan lòd yo pito yo. Lè yo chwazi yon paran pou l vin manm nan plizyè Konsèy, y ap mete paran an nan nan Konsèy li te klase anpremye a pami Konsèy yo

KÒMAN PWOSESIS CHWA A FONKSYONE?

Kòman y ap chwazi paran manm CEC yo ak Konsèy edikasyon vil la?

Pou CEC – Se selektè ki nome yo k ap chwazi paran manm yo pandan yon Vòt selekè *Selector's Vote* fè ant 1ye me ak 14 me 2013. Prezidan PA/PTA a, sekretè a ak Trezorye(oswa lòt reprezantan yo) pou chak lekòl nan distri lekòl kominote a pou vote nan *Selector's Vote*.

Pou CCHS – Se selektè ki nome yo k ap chwazi paran manm yo pandan yon Vòt selekè *Selector's Vote* k ap fèt ant 1ye me ak 14 me 2013. Prezidan PA/PTA a, Sekretè a ak Trezorye a(oswa lòt reprezantan yo chak)pou chak lekòl segondè nan chak borough ap elijib pou vote nan *Selector's Vote* la.

Pou CCELL – Se selektè ki nome yo k ap chwazi paran manm yo pandan yon Vòt selekè *Selector's Vote* k ap fèt ant 1ye me ak 14 me 2013. Konsèy Prezidan *Presidents' Council* (PC) pou chak distri lekòl kominote, borough ak distri 75 ap chwazi chak yon paran elèv ELL pami manm li yo kòm selektè pou eleksyon nan CCELL la. Si pa ta gen yon paran yon elèv ELL ki elijib kòm manm PC a, PC a ap mande paran elèv ELL nan distri oswa borough a ofri sèvis yo kòm selektè volontè pou eleksyon nan CCELL la.

Pou CCSE – Se selektè ki nome yo k ap chwazi paran manm yo pandan yon Vòt selekè *Selector's Vote* k ap fèt ant 1ye me ak 14 me 2013. Konsèy Prezidan *Presidents' Council* (PC) pou chak distri lekòl kominote, borough ak distri 75 ap chwazi chak yon paran elèv ki gen IEP pami manm li yo kòm selektè yo chwazi pou eleksyon nan CCSE a. Si pa ta gen paran yon elèv ki gen yon IEP ki elijib kòm manm nan PC a, PC a ap mande paran elèv ki gen IEP nan distri oswa borough a ofri sèvis yo kòm selektè volontè pou eleksyon nan CCSE a.

Pou Konsèy distri 75 – Se selektè ki nome yo k ap chwazi paran manm yo pandan yon Vòt selekè *Selector's Vote* k ap fèt ant 1ye me ak 14 me 2013. Prezidan PA/PTA a, Sekretè a ak Trezorye a(oswa lòt reprezantan yo chak)pou chak lekòl distri 75 ap elijib pou vote nan *Selector's Vote* la.

SONJE: Nan kèk ka, li ka nesèsè pou fè yon dezyèm tou eleksyon apre 14 me 2013. Lè sa nesèsè, dezyèm tou eleksyon yo ap fèt ant 16 me ak 21 me.